Nomer 28 | Salasa 11 Januari 1927 (8 Radjab 1345) | Taoen ka 3

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon
Bestuur Pasoendan
Bogor.

di Tjiandjoer
Bestuur Pasoendan
Tjiandjoer.

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Soekapoera Drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan
Bestuur Pasoendan
Tjiamis.

Djawa wetan
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg ... Tasikmalaja

Redakteur: SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redakteur di Batawi
SOERIADIREDJA.

Directie: Administratie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50 } Sakali moeat
1/32 „ f 1,50 }
Langganan langkoeng mirah.

## Het recht van 't vrije woord.

Hak kamerdikoan ketjap.

Maksoedna kamerdikaan ketjap teh nja eta soepaja oerang djelema boga kalonggaran pikeun nembongkeun pikiranana, boh koe omongan, boh koe toelisan atawa koe gambar (saperti di nagri-nagri sedjen) djeung sadjaba ti eta. Kaperloeanana koedoe ajana eta hak, beunang diseboet koe saalam doenja geus diakoe. Sok siga koemaha teuing oepama oenggal djelema teu meunang atawa ngan sawareh djelema meunang njarita. Oenggal pamarentah ngakoe kaperloeanana kana kritiek anoe diseboet koe Walanda „opbouwende critiek" tea. Kangdjeng Toean Besar noe ajeuna oge, dina waktoe papasrahan papareutahan Indonesia, lain njeboetkeun teu kersa, tapi palaj ngadangoe soerakna wong akeh (openbare meening, asal oelah ngaliwatan wates kasopanan.

Di djero alam (sakooriling boengking,) oepama dileiekan koe oerang, meh teu aja merdika, teu kalawan atoeran. Nadjan merdika samerdikamerdikana, atoeran mah koedoe aja.

Kamerdikaan keur oerang pikeun miloe tjampoer baoer, miloe ngomong hal atoeran-atoeran nagara, anjar keneh, nja eta sanggeusna oerang dibere hak pikeun boga pagoejoeban djeung ngajakeun koempoelan.

Soepaja vrijheid oelah nepi ka djadi bandeloosheid, koe pamarentah didjaga koe roepa - roepa Wet. Sing saha noe nembongkeun pikiranana aja dina wewengkon eta ewet ewet tea, teu koedoe sieun bakal disaoer ka pangadilan.

Kamerdikaan ketjap di oerang tangtoe teu saroea djeung di sedjen-sedjen nagara, lantaran meureun koedoe djeung ngingetkeun kana kapinteran rahajatna.

Noe di nagri Walanda teu matak paketrok djeung ewet, di oerang mah terkadang-kadang anoe tangtoe matak oenggah bale watangan.

Parandene kitoe oepama dibandingkeun djeung sababaraha taoen ka toekang, di oerang oge geus aja ondjoina.

Noe bareto djadi kagoedjroedan saperti brochure R. M. Suardi Soerianingrat („Als ik Nederlander was") oepama ajeuna mah ditjitakna, geus djadi barang biasa, Artikel - artikel dina djenatna „Padjadjaran" noe matak djadi perkara, kiwari mah geus moal matak kaget. Tjindekna mah madjoe.

Ieu kamadjoean pohara dihargaanana koe noe djadi rahajat, noe neangan kaadilan.

Ngan siga-sigana koe sawareh bagian rahajat sanadjan eta kritik teu beurat sabeulah, sanadjan eta kritik dadasarna feiten (sagala roepa noe enja kadjadian), dianggapna „uit den booze", . . . . pikasebeleun isln!

Kritikna **Abah si Entjep** kana beleid politie, di dongengna **Si Roda Mala**, didjawabna koe hidji kalakoean, anoe teu kasangka koe koering bakal kadjadian, lantaran boga pikiran „zij zijn er veel te ontwikkeld, veel te verstandig voor." Critik dina Si Roda Mala, tjeuk koering mah, kritik noe laaah pohara lemesna djeung . . . . . asana fatsoenlijk, nepi ka kawasna koe buitenwereld moal katara. Een mildere critiek is niet denkbaar. Leuwih ti kitoe moal aja anoe lemes . . . . . tjeuk oerang noe bodo, noe ngan njaho saoetak-saeutik kana seloek-beloekna roepa-roepa ewet. Tapi boa tjeuk noe aroenioga mah, boa teuing aja adat recht, gewoonterecht sagala roepa.

Djaba ti si Roda Mala dina Sip aja deui hidji doea artikel anoe sedjen, noe bisa djadi salah katampana.

Nja eta sok siga koemaha teuing iboerna, oepama kritikna tjara di deungeun-deungeun.

Geura ieu tina soerat kabar di Nagri Walanda (Het Volk, Zaterdag 27 November).

. . . . . . wie zich, zij 't slechts van den buitenkant, op de hoogte houdt van 't geen daarginds gebeurt, die kent de oorzaken van 't verzet maar al te goed.

Een vernederd volk, dat van nature fijn gevoelig is.

Een volk met weinig behoeften en toch zoo doodarm.

Een volk in zijn eigenland, dat van zijn ongenoode gasten een wreed meesterschap te ondergaan, een bejegening uit de hoogste hoogte te aanvaarden heeft.

Een tenger volk, dat zich onophoudelijk moet laten mishandelen door vreemde vuisten, en in verweer tegen die harde bejegening Slechts zwakke bescherming geniet, als bruine diersoort van den tweeden rang.

Een ontwakend volk, welks eerste levensteekenen door den loerenden exploitant zijner onbewustheid met haat begroet, met de onbeschaamdste vrijheidsroof, geestelijk en lichamelijk beantwoord zijn",

Soendana kira kira.

Saha-saha noe nengetan naon-naon noe kadjadian di ditoe (njaeta di di oerang. Red. Sip.) sanadjan ngan oekoer ti loear woengkoal, tangtoe njaho naon sabab sababna pang aja kagoedjroedan.

Geura bae: hidji rahajat, noe adatistiadatna sakitoe lemesna.

Hidji rahajat noe saeutik kaperloeanana, tapi noe sakitoe malaratna.

Hidji rahajatna di sorangan, noe sakitoe dikakajana noe sakitoe dihinanana koe semah-semah. noe teu dipikajang koe maranehna.

Hidji rahajat, noe salawasna disiksa koe peureup deungeun, dianggap saperti bangsa sato kelas doear sarta pangadilan geusan ngadjaga maranehanana noe sakitoe tjetekna.

Hidji rahajat noe sasat kakara hoedang, tapi noe gentak didjawab koe keidjid, ditjokot kamerdikaanana, awakna djeung pikiranana".

Tjoba oepama **Abah si Entjep** siga kitoe ngritikna. Heug semah diganti koe priboemi tada temen.

Walanda ngritik ka bangsana, A. s. E. ka polisi. Tadi diseboetkeun kritikna **Abah si Entjep** didjawab koe kalakoean noe teu disangka-sangka.

Pangna bisa njeboetkeun didjawab, lantaran katindih koe kari kari, katinggang koe darigama. Geuning tjeuk A. s. E. „Nini-nini leungit sapeuting, tai maoeng hoeisan" „Coincidentie" tjeuk Walanda.

Woeri-woeri dina Sipatahoenan aja doea tiloe artikel noe neangan kaadilan noe ngritik . . . . langganan-langganan kaom pamarentah djeung noe keuna koe pangaroehna seueurna noe . . . . moendoet liren.

Ditjaritakeun di dieu, lain pedah kalaloearna, mangga teh teuing, teu bade owel, ngan hajang nembongkeun koemaha mentaliteit sawareh bagian rahajat. Koemaha anggapan arandjeunna kana kamerdikaan ketjap.

Sigana teh noe aloes keur aing, hade. Noe goreng, oelah. Maneh, Sipatahoenan. wani-wani ngoetik-ngoentik kaadilan, taoe rasa!

Sanadjan teu owel, ari handjakal mah aja. Lain doemeh liren, teu matak djadi kaoentoengan loear biasa, personeel-na teu aja noe digadjih saoerang oge ngan eta bae bet dina djaman kiwari aja anoe kitoe, asa . . . handjakal.

Djadi djaba ti aja ewet noe ngadjaga kana ketjap, aja deui . . . . boycot-systeem. Sigana koedoe paeh eta hama ngagimbreung-gimbreung ka noe keur oleng panganten djeung. . . . kaboehoenan.

Sipatahoenan djeung ieu-ieu, oge hajang rapih, hajang repeh, tapi dina sadjeroning kitoe moal dek ngingkeun rechteloosheid en willekeur.

Naon goenana atoeh soerat kabar, ari teu meunang ngageueggeureuhkeun anoe kitoe-kitoe atjan mah! Naon goenana ari teu daek neangan kaadilan!

Para djoeragan anoe ngamanah soepaja Sip. sina doodbloeden nja ari kedah-kedah teuing mah mangga: Doe, watgij niet laten kunt.

Oge kana ajana boycotsysteem. koering ngakoe, sanadjan motievenana (lantaranana) tebih tina ideaal. Toeroeg-toeroeg noe matja ti noe maroendoet laliren aja deui bagian rahajat, noe neangan kaadilan. Moal enja maranehanana tjitjing-tjitjing bae. Tangtoe aja boedi roemasana. Moal ditjoek-itjoek atawa diolo-olo, soemawonna diparentah da teu boga kakawasaan, tapi maranehanana tangtoe njaraho kawadjibanana. Malah ... ministrie aja noe moendoet langganan ti Priangan koelon aja kana tiloe poeloehna.

Sakali deui: Sipatahoenan teu hajang paketrok pakereng pahereng-herereng, Sipatahoenan nembongkeun pikiran tina roepa-roepa atoeran, noeroetkeun rasa kaadilanana. Oepama keukeuh koedoe paketrok, mangga, tapi meening tegen over meening, djelemana oelah dibabawa.

Wij wenschen geen strijd doch als 't moet-als de strijd ons wordt opgedrongen, zullen wij dien met alle bescheidenheid met allen eerbied en broederlijke liefde aanvaarden.

## Radjah Tjiandjoer.

**(ngabageakeun noe saroemping kana congres).**

1. Baeu banggeut sinatria
saroemping henteu soelaja
mageuhan pasang soebaja
di Societeit Mitralaja

2. Ditampi koe asta doewa
koe soedaja wong atoewa
wande diwatjakeun dowa
moega-moega sing wibawa.

3. Ka oetoesan noe prawira
pada njarandak soeara
soeara balantara
noehoenna teu kira-kira.

4. Hoofdbestuur mah soemawonten
hatoer noehoen pinten-pinten
amoeng moegi ngahapeuten
panampi awon teu kinten.

5. Da moeng sakieu boektina.
sanes rek ngahina-hina
ka djoeragan sadajana
edas koe sagala toena.

6. Kawoewoeh noedjoe paila
sanadjan bade boemela
tatamoena mapag kala
priboemi bade noembila.

7. Ka tatamoe noe santosa
djabi ti sagala jasa .
tangtoe barang tjandak rosa
pirakoe, hamo teu njesa.

8. Pamoega ieu pahadreng
nadjan teu diagreng-agreng
jasa nakis sangka (toedoeh) goreng
goreng madjar rek ngarengreng.

9. Mangga poepoegkeun pamemoe
oelah aja noe di kemoe
tjatjapkeun sagala elmoe
entong ngaraos natamoe.

10. Mangga geura mitembejan
moal nganggo paroepoejan
teu kedah seueur papajan
matak kesel anoe lian.

11. Djisim koering bade pamit
pamit ngadjaring dedemit
dedemit sok langkoeng limit
limit ngadjalankeun sengit.

## BOEBOEKA.

Para Djoeragan-djoeragan Istri Pameget!

Samemeh kempelan diboeka, perloe djisim koering bade nembongkeun heula kaboengahan Pasoendan, pedah oerang tiasa ngadamel kempelan di tempat di dijeu. Koe margi eta Pasoendan wadjib nganoehoenkeun ka tjabang Pasoendan Tjiandjoer tiasa masihkeun tempat ieu pikeun ngabarempagkeun djalan kaoetamaan anoe djadi bantja Pasoendan

Sakalintang nja gede hate karnosna Pasoendan reh diloeoehan deui koe Toean Adviseur voor Inlandsche Zaken, oendjoek noehoen kersa merloekeun rawoeh, bakal ngadangoe koe andjeun panoehoen-panoehoen sareng kahajang Pasoendan; koe lantaran diloeoehan koe panggagoeng ti kantor Adviseur v. Inl. Zaken oerang teh asa teu kedah toeda talatah deui, kaloeangan sakoemaha noe parantos-parantos ...

Wakil-wakil ! . . . . . .

Hoofdbestuur ngaraos reugreug ningal djoeragan oetoesan ti tjabang-tjabang, noehoen kana pangdeudeulna reh kersa merloekeun ngintoenkeun oetoesan. Nja kitoe deui ka Tamoetamoe sareng ka elid-elid Pasoendan sadaja oendjoek noehoen reh kersa merloekeun saroemping. Ka wawakil serat-kabar oge kantenan pisan nganoehoenkeun.

Para Djoeragan sadaja! Djisim koering bade njoehoenkeun widi ngadadarkeun heula perkawis kaajaan pakempelan Pasoendan katoot ka padamelanana anoe parantos kasorang, njaeta sabagian tina poelitikna anoe nembe kalampahan sareng kalihna panaloengtik toemawoehna pakempelan Pasoendan dina danget ieu, kitoe oge moeng didjodjoan anoe perloena bae.

Ngaheulakeun medar kaajaan pakempelan Pasoendan teh, teu pisan-pisan njapirakeun pagoejoeban noe lian, atawa nga-apilainkeun ka para Djoeragan anoe parantos njata djasana katingali koe sadaja, ieu mah pedah Pasoendan bae ngiring soson-soson raraosan mah kana roemawat sareng djoemoengdjoeng deui kana kaperloean eusi boemi, nanging ngarandapan ka nalangsaan moenggoeh anoe ngawakan mah, wireh ieu anoe sakieu soemolondona bet diapi orakeun, dipilain koe nonoman, teu dipisono koe kolot, dalah koe Pamarentah oge doegi ka asa teu ditarik teu ditakon, boektina di Volksraad oge teu aja idangannana. Geura ari Minahasa, Ambon, B. O. balaketjrakan di Volksraad, ari Pasoendan mah ngadeupaan lintjar oge, teu aja magar koemaha, kapaksa balik ngegel tjoeroek bae.

Matak prihatin ari ngemoetkeun kadinjana mah. Dalah dina Reg. Raad kaboepaten oge geura bet tjorengtjang, padahal Pasoendan teh ti H. B. na doegi ka lidna estoe ijatna pisan bisi nintjak di salah, kaloear tina kalang oendang oendang, ngoedag kaoetamaan bangsa, mapaj kajakinanana teh.

Nanging nadjan teu aja panjambat ti Pamarentah sareng nadjan geundjleung aja non coperation tea, oge Pasoendan mah teu oenggoel kalindoean henteu gedag kaanginan, oesahana djoemoengdjoeng kaperloean lemah tjai sapangeusina teh. Lebah

(*)

## Ti pipir hawoe.

Teroes terang bae anggoer.

Geus djadi kangeungeunahan, moenggoeh oerang pilemboeran mah, ana njarita sok make engklok, komo djelema beh ditoe mah, saperti: djaena, pamatina, bakoena, djrongna, mingkilini-mingkilini malah Poen Asnapoen mah, make Soendana—atoeran **padoeka kangdjeng Voorzitter** teh soendana mah? poetih?

Djadi **Soenda** na lebah dinja, saroea djeung **hartina, terangna.**

Tjindekna Soeda teh terang, atra, tetela. Rea kabina-bina bangsa Soenda, babakoena oerang **Parahiangan** anoe **sieun, teu wani, njeboet, ngakoe** jen pribadina **Soenda** toeleu, Soenda sagalana.

Malah—koempoelanana oge—asoep kana koempoelan P. E. B. anoe hoeloe wotanana . . . . ehem?

Agamana, lain manoetan ka Kdj. Sinoehoen Goenoeng Djati anoe ngapalaan para wali Pasoendan Djadi badjina, lain tjara Kdj. Hadji Poerwa ti Padjadjaran—hadji anoe resep Samin tea.

Teuneung, loedeung oge, ari noe teroes terang onaman, koering mah lid P. E. B. sabab roemasa koering mah njatoe roti karo kidjoe, teu bisa njotjol sambel, da sinjoh. Anoe dikedok?

## Pilihan lid Volksraad.

Wedeeeh. koetan kitoe! koetan rame! Pagoejoeban-pagoejoeban pada ngasongkeun djagona. Pada moedji-moedji tarangna koe andjeun. Ieu aloes, itoe aheng! Geus teu aneh deui.

Eta noe aneh mah, noe koe andjeun njeratan ka djelema - djelema noe boga hak milih. Noe tara - tara ge njoeratan, mani emong deui, akang deui. Ngadak - ngadak hormat ti lawat ka sepoeh. Koemaha bae noe adat-adat pangarahan. Madjar teh wantoen soompah moal ka datangka teu melaan kaperloean bangsa djeung lemah tjai. Sing pertjanten. Kitoe tea. kieu tea roepa-roepa. Laaaah aneeeeh - barang model. Model taoen 1927.

Heeuh ari benerna mah da lain kitoe. Beuer koering soteh! Benerna mah heug tembongkeun heula djasa djeung tanaga, tjara Kdj. Batawi, oepamana: Tembongkeun enjana hajang ngamadjoekeun bangsana, koe ketjap. koe tingkah. Di mana geus katara mah, engke oge mo boeroeng pada ngarontok.

Propaganda soesoeloempoetan kitoe mah moal aja goenana.

Oelah poepooloer memeh mantoen. Mantoen heula. Ke ti pandeuri sisihanana. Sing pertjaja, moen geus boekti: kadeuleu, karasa, insja Allah moal boeroeng teu dikeprak. Kaom koering koe

**Gelenjoe.**

(*)

dien perloe H. B. nganoegoenkeun ka kautja mitra anoe aja dina kalangan Pasoendan, da oepami koerang-koerang reugreugna mah mamanahan (arandjeunna), meureun Pasoendan teh geus njoesoer tanah.

Dina enggouing ngadeg Pasoendan teh paheujeuk djeung pakempelan poelitik noe lian, nja kitoe deui djeung Pamarentah, katoet ka ponggawana.

Perkawis sasarengan sareng perkempelan poelitik noe sanes tea, boh sareng papada priboemi boh sareng Eropa kaetang teu aja koetjiwana, toer aja boeahna deui. Pakempelan Eropa anoe dideukeutan koe Pasoen-

dan ngan anoe tiasa sabiloeloengan sareng teu pati patoekang - toekang teuing bae.

Menggah Pasoendan mah moal tampikan, da djoedoel pamaksoedannana geusan kamadjoean sareng kasalametan lemah tjai sapangeusina tea ieu oge mangga teh teuing, ari sapatotos mah.

Rasa bagdja toemibana ka Pasoendan, oepami aja noe lian katingal kadinja pibraseunnana. Anoe mawi, nadjan djol ti Pamarentah moal asa-asa njanggakeun atawa ngaloearkeun timbanganana, oepami dina kajakinannana aja matakna ka toedjoean tadi tea.

Leres pisan ari ningal bilangan mah anoe gocloeng di Pasoendan teh teu aja poeloeh reboena, tapi lamoen koering njebatkeun: leutik-leutik oge ngagalatik, eta asa teu soelaja tina boektina, kaom Pasoendan teu koerang noe beuneur.

Geura tingali di Gemeente Raad, di Raad Kaboepaten sareng di Raad Provinsie wawakil Pasoendan rea anoe tjapetang, andegiengna didinja teh sanes ngan tiba djadi papaes woengkoel, tapi geus aja tapakna aja talna.

Atoeh dina oesaha lianna, mangga tingali di Tasikmalaja, geuning sakitoe hoidjahna, malah Sipatahoenan teu kirang - kirang ngahoedangkeunnana loeang anoe goena, anoe nembongkeun tanaga Pakoempoelannana anoe tadi koenoe lian diapiorakeun, kaloeli-loeli tea.

Renoengna tjabang, kawas ajeuna mah ngadaoen ngora, moegi - moegi bae oelah keuna koe katiga.

(Ka Tjabang Paroeng.....)

Panglajang, Somah Moerba, mokaha aja tingalieunnana, tina kawekelan sareng katineungna Djoeragan Bakri Soeraatmadja anoe djadi Redaktoerna, perloe Pasoendan nganoehoenkeun ka andjeuna. Ari tawisna, teu aja sanes moeng panoehoen teh soepados para mitra kersa ngadeudeul koe pieusieun S. M. sareng Sip. deui, soepados oelah beurateun teuing koe momot toekang kamedina.

.......

Djoeragan-djoeragan! Taoen 1926 anoe oemoerna ngan kantoen opatlima diuteu deui, sanes taoen biasa pikeun oerang mah, oerang Pasoendan, apan Bestuurshervorming. Reg. Raad, Provensie nja taoen ieu loemoenggoerna ti kahijangan. Keun ari eta mah karamanna Communisna tea montong waka ditjarioskeun tiheula.

Dina praktna ngadjalankeun pilihan pieoeun Raad K. tea oerang teh toemamoe da kakara tea, nadjan njongsrong oge hajang....... tapi dalah dikoemaha, ngan tiba kieu boektina.

Nadjan oerang koerang oear pangadjak ka batoer djenoek bala rea oge, tapi teu hoeroeng ari aja mah di R. K. sareng R. P. mitra oerang anoe kapilih, eta djadi tawis toedjoean oerang teh geus kahontal oge koe sawatawis kiesman

Koering tiasa njeboetkeun jen kiesman milih kaum Pasoendan teh, taja babanna geusan handjakal, da merenah dina tempatna, toer geus katingal jen eta wawakil tea enja-enja soson soson enggoning njangga kawadjibannana teh. Atoeh kantenan bae ari koe kitoe tea mah, da kaperloean Pasoendan mah, nja kaperloean bala rea (oerang rea, volk) tea. doea teu misah.

Wawakil di Raad anoe teu njoemponan kawadjibannana, moenggoeh mitra Pasoendan mah, koe Pasoendan bakal disieuhkeun, malah dina njoledatna tangtos bakal medal sila koe andjeun tina Raad anoe ditjalikannana oge.

Oelah mangmang deui anoe milih mitra Pasoendan mah, moal poer-les sapertos anoe parantos aja tjariosna dina Sipatahoenan, nanging bakal tiasa pakoemaha-koemaha wakil sareng anoe diwakilannana, iasa lawoeng ngadangoe dadaran hoidjahna, sareng nampa naon anoe djadi kahojong anoe diwakilan. da Pasoendan poegoeh anoe djadi pangoeroesna. Ari kawoewoeh - woewoeh kapan aja tatalina, anoe minangka djadi kabajan, mawa bedja ti Raad ka paloearan, nja eta boektina panglajang oerang, Sipatahoenan sareng Somah Moerba tea, geuning ti Tasik sareng Tjiandjoer mah, oenggal mentas rioengan, katoeang berekatna koe oerang sadaja.

Manawi engke mah kapajoen ti oenggal R. K. sareng ti R. P. oge baris aja kagegelannana, sareng oepami teu aja warga oerang anoe pingintoenaheun, nja H. B. anoe sanggem ihtiar.

Tina perkawis R. K. sareng R. P. dadaranana anoe tetela, keur engke kapajoen oerang pedar deui koe biantara.

Saparantosna madeg atoeran anjar, oerang rea teh disamnat koe Pamarentah sina miloe ngaheujeuk nagara; jaktos ari teu atjan gede tea mah kakawasaan anoe dipasrahkeun ka eta Raad-Raad teh, toeroeg-toeroeg waragadna teu sapira, tapi oerang oelah koerang moelasara, soepaja ngarandakah tambah piboeahheunnana.

(Voorzitter geeft naar aanleiding v/u R. schrijven betreffende Prov. opcenten nadere uitlegging).

Deungeun-deungeun nja aja oge anoe ngahalang-halang, meureun hariwangeun ningal oerang madjoe, malah eta oge karaman Communis ajeuna tea, make hajoh ditoedingtoedingkeun kana Bestuurshervorming.

Harianeun ari tjeuk sim koering mah! Nanging pirakoe Pamarentah tepi ka gedag koe panggodana anoe karitoe!

Perkawis Raad-Raad tea, tadi geuning sanggem djisim koering, teu atjan ari njoemponan sagemblengna kahajang oerang mah, ti Volksraad na doegi ka R. K. na, masih keneh perloe ditambihan kakawasaannana, dintoer sangkan langkoeng sampoerna.

Sapertos di R. K. karaosna ajeuna seueur elidna ti B. B, nja ari lepatna mah, malindes ka anoe milih keneh bae toengtoengna mah, geuning dina Sipatahoenan oge parantos 2—3 kali aja anoe medar perkawis eta. Doepi margina pang aja kitoe, sanes pisan-pisan ngahandapkeun atawa njatjampah ka salira B. B. tea, teu pisan-pisan, moeng ma'loem kapan anoe djadi Voorzitterna doenoengan, mala ikat anoe ngawasa njawana, atoeh koemaha, geura koe sadaja oge meureun kamanah ari koe kitoe tea mah. Manawi di dieu henteu kitoe, tapi di sapalih tempat mah boekti, malah seueur tjonto tjontona anoe pikaseurieun.

Di dieu perloe djisim koering njarioskeun robahna Reg. ordonnantie artikel 55, oengelna:

2: Reg. verordening koedoe koe basa noe dipake di eta kaboepaten atawa koe Malajoe.

Tah koe robahan eta djadi pangdjoeroeng oge kana djalan kamadjengan basa Soenda, ari batinna mah nja ka oerang Soenda. Moegi - moegi bae R. K. anoe aja di Soenda mah oelah ngadamel verordening koe basa lian djabi ti Soenda. Perjogi dianggo eunteung hoedangna bangsa Tiong Hoa di nagarana, anoe kapoengkoer sakitoe kagembangna koe merloekeun nganggo basa deungeun, ari ajeuna anggeus koe ngawalon: Lamoen andjeun aja kaperloean ka bangsa Tjina koedoe bisa basa Tjina.

Djoeragan djoeragan!

Pasoendan teh lian ti gadoeh wawakil di R. K., lid anoe kapilih tea, da anoe dibenoem mah langka, di Provinsie oge teu sepi, malah dina College van Gedeputeerden pisan aja wawakilna kaleuleran koe negtognegtog bae mah, moegi-moegi bae dina Volksraad ajeuna Pasoendan oelah doegi ka njamos, masing kenging tempat sapertos di Provincie deui, soepados tiasa langkoeng ti kapoengkoer poengkoer makihikeunnana atanapi roemawatna ka Pasoendan. Kilangbara nepi ka sadajana onaman, atoeh teu tiloe-tiloe atjan mah abong.

Dina perkawis pareboetna sareng mareboetkeunnana tempat pikeun lid Volksraad tea, Pasoendan parantos paheujeuk sareng pakempelan-pakempelan anoe sanes. Tapi nadjan kitoe, teu kirang-kirang H. B. njaloeoeh ka para mitra sareng kantja, boh ka anoe aja dina kalang Pasoendan, boh ka anoe sapoek woengkoel ka Pasoendan, soepados pada ihtiar sangkan laksana sapasedjaan Pasoendan. Atoeh abong ari hantjengan Pasoendan doegi ka kedah kop koe anoe lian mah, na bade dikamanakeun **Soendana?**

Tadi djisim koering parantos njarioskeun College Gedeputeerden, anoe lid priboemina, saoerang, nja kaleresan kokolot Pasoendan pisan, anoe papantjenna diwoengkoelkeun kana nalingakeun R. K. tea.

Eta Gedeputeerde teh moegi oelah dianggap toekang ngahalang - halang kahojong R. K. pedah sok aja pamoendoet R. K. anoe ditolak koe Gedeputeerden, nanging oetami pisan oepami njandak dadasar, jen eta college teh geusan paheujeuk R. K. ngadjalankeun kahojongna oendang-oendang, geusan njoemponan kaperloeannana eusi boemi Soenda sadaja.

Ari margina, oepami aja paketrokna R. K, sareng Gedeputeerden, nja eusi boemi anoe katinggang mamalana mah. Moenggoeh anoe djadi lid Gedeputeerde dina ngadjalankeun kawadjibanana sakapeung mah nadjan soelaja pisan oge tina kahajangna, tapi teu bisa koemaha da kabeungkeut koe oegeran oendang-oendang tea. Tah dina kadjadian saroepa kitoe, nja kantenan oerang kedah oesaha ngarobah eta oendang-oendang anoe biasana diolahkeunnana di Volksraad. Atoeh kantenan koe oerang kedah diboedjeng ka Volksraad tea, tah noe mawi perloe pisan oerang boga wakil di dinja.

Djoeragan-djoeragan, sanadjan parantos rada pandjang pihatoer djisim koering, nanging ngaraos teu atjan poeas wireh sim koering teu atjan njarioskeun kariboetan Communis anoe nembe pisan kadjantenan.

Tangtos oerang mah sadaja oge ningal lakoe sareng taladjak Communist kitoe teh, teu aja deui pibasaeunnana ngan handjakal, tina beak-beak teu panoedjoe Pasoendan mah, kana maehan - maehan kitoe teh, komo djeung mamalana matak maehan maneh sagala roepa mah. Ari eta mah kana panganiajana kana kasangsaraannana, geus poegoeh deui.

Koe kakaliroeannana lakoe Communist kitoe, inggis pisan matak djadi panghalang kamadjoean, matak mawa moendoer kana kaloeloesan ajeuna, da geuning sawareh soerat kabar bangsa Eropa mah teu euleum euleum neumbleuhkeunnana kagorengan ka oerang, lantaran aja karaman teh, anoe toengtoengna matak ngahoedang patjengkadan bangsa djeung bangsa tea. Geuning koe maranehannana mah dihoeroen-soeloehkeun bae, malah ka prijaji-prijajina pangagoengna deui digorengkeun.

Handjakal pisan padjar tjeuk Pamarentah eta anoe karitoe teh teu beunang dikieu-kieu. Koering mah handjakal, Pamarentah kawas ngantep ka anoe sakitoe matak njerina ka priboemi teh.

Lian ti pamCok djeung panggonggorokannana, aja deui omongan kieu dina Sport in Beeld.

„Behalve splinternieuwe browningen vond men ook een groot aantal „speren in het bezit van het zachtste volk der aarde."

Kapan eta anoe kitoe teh matak njeletit ka noe bareresih mah, toeroeg - toeroeg eta katjapangan teh „het zachtste volk der aarde" lain beunang hajang oerang, lain djidjieunan oerang, beunang bangsana keneh, beunang Multatuli, hajoh ajeuna koe maranehannana dipake ngalelewe ngaleletje ka anoe teu mais teu meuleum. Tjenah eta keuheul meureun, atoeh oerang Soenda mah anoe kaseuseul tea - komo keuheulna, da ngarasa pisan sangsarana panganiajana.

Tapi dalah dikoemaha da geus bagdja oerang djadi Inlander, anoe tjeuk Mr. Singgih mah padjar „tjap salah".

Ari saena mah mending didjaoehan bae eta mah bangsa N. v. d. Dag Soer. Handbl. Sport in Beeld, aja teu ngadangoe panjeuseulna.

Lain pisan-pisan koering kabnoed koe itoe ngaliarkeun rasa rassenstrijd, njarioskeun anoe bieu teh, tapi panoehoen koering ka kantja mitra sadaja, koedoe adil oerang mah, oelah sok ngahoeroensoeloehkeun kitoe; sareng pang koedoe djaoeh ti serat-serat kabar anoe tadi teh, eta soepaja kapertjajaan sareng kaadilan oerang ka bangsa-bangsa noe sedjen oelah roeksak nepi ka laas, koe panjeuseul-panjeuseul tea.

Djoeragan - Djoeragan! Koe margi anoe ditoedjoe koe Pasoendan teh kaloeloesan kaberesan sareng kaadilan, djadi dina meudakna perkawis anoe njimpang tina djalan eta, ti mana bae datangna, tangtos Pasoendan mowal tjitjingeun, rek ngoeroeskeun rek nepikeun ka anoe wadjib, toemoet kahojongna, oendang - oendang, mapaj babasan: nete taradje nintjak hambalan.

Sapertos ajeuna rea anoe njaritakeun kaawonan poelitie anoe harandap ka sakitan atawa tangkepan, pedah meureun keuheul, ambek, garetek, nepi ka rea anoe lat poho di kawadjiban poho dikaadilan. Atoeh ari kitoe mah karo-karo gelo! Rea bangsa politie anoe tarelenges kitoe anoe geus dihoekoem, tjontona: Mantri Politie djeung oepasna di Tangerang; Ass. Demang di Sumatra koelon dj. s. t.

Dina mendakna anoe kitoe Pasoendan oelah tjitjingeun, koedoe ngabantoe kana kersana Pamarentah. Kapan Toean Besar anoe ajeuna nalika ngasta kakawasaan Hindia, geus moendoet soepaja oerang pertjaja ka Pamarentah.

Oerang, oerang sadaja kaom Pasoendan, pertjaja ka andjeunna per tjaja ka Toean Besar, komo ka T. B. eta da rea boekti-boekti, hartina pertjaja ka Pamarentah.

Tapi naha eta kahojong Toean Besar anoe sakitoo matak gede hatena teh, njerep kira - kirana kahandap? Naha anoe handap ngarasa ganti kamoedi?

Moegi-moegi bae masing bras ka handap-handapna eta manah Toean Besar anoe ajeuna teh.........

.........

Panoetoep pihatoer sim koering, bade njarioskeun pamojok batoer ka koering, ka oerang, kaom kabangsaan, anoe madjar oerang teh kaom kolot (conservatief) pedah ..... nationalist. Anoe marojok kitoe koe oerang montong pandjang diladenan, oerang toedoehkeun bae ka Eropa.

Deuk diseboet conservatief nja mangga, da oerang mah ngarasa perloena. Tapi lamoen oerang nilik kaom-kaom di Eropa, komo dina mangsa perang doenja mah, geuning nationalist-nationalist keneh bae.

Djol Volkenbond ajeuna, nationalist keneh, kapan eta teh pamagei hidji-hidji nagara, batinna nja nationalist tea.

Ajeuna tingali Polen.

Oerang mah nadjan pada mojok oge, oerang tetep aja dina kalangan Evolutionaire Nationale Vereeniging bae, da ieu anoe karaos perloena ajeuna.

Nja djeung papada Evolutionaire Nationale Vereeniging, Pasoendan paheujeuk heujeuk leungeunna, geusan djoemoengdoeng djeung ngamadjoekeun lemah tjaina katoet ka sapangeusina, njoemponan wadjibing kamanoesaan.

Sakitoe pioendjoek koering.


**Lot PROTESTANTSCHE WEESHUIS, SEMARANG**

**Hoofdprijs f 150 000— Tariknja 1 Juli 1927**

*Harga satoe lot:*

**11**.35 kaloe kirim oewang lebih doeloe atau 11.75 dengen rembours. Trekkingslijst di kirim pertjoema.

**Horlodji Cyma**

ada sama baiknja sama laen² merk jang terkenal. tetapi kita djoewal Cyma banjak lebih moerah. Tandinglah harganja:

*Horlodji kantong*

| | |
|---|---|
| nikkel | áf 10.— |
| „ | „ 14.— |
| mas, enkelkast | „ 45.— |
| Chronometer, mas enkelkast | „ 55.— |
| Chronometer, mas dubbelkast | „ 75.— |
| merk Enigma | „ 4 50 |
| „ Mysteria | „ 6.— |

*Horlodji tangan pesagi*

| | |
|---|---|
| nikkel | „ 15.— |
| double | „ 20.— |

**Vulpenhouder moerah dan baik** *pake pen dari mas 14 car.*

| | |
|---|---|
| merk Lugard . . . . | áf 3.25 |
| „ Express . . . . | „ 3.75 |

**ANG SIOE TJING**

Slomprettan 4, Soerabaia.

*Mintalah kita poenja prijscourant jang lengkep.*


## Studieclub djeung S. I.

Dr. Soetomo panoengtoen Studieclub di Soerabaja koe Redaktoer Indische Courant kamari ieu ditanju (interview) koemaha timbanganana perkara ajana kariboetan komunis di Poelo Djawa babakoena di Pasoendan. Pandjang djawabanana Dr. Soetomo, njeboetkeun, jen ajana kariboetan teh babakoena oerang priboemi beuki lila beuki rea bae kabeubeuratna, nepi ka rea djelema noe teu toemarima (ontevreden) Diseboetkeun oge jen kariboetan teh boeahna paparentahan ba reto djaman G. G. Fock noe katjida kerasna. Aja omonganana. Dr. Soetomo menta soepaja oerang Priboemi dibere pagawean koe Goepernemen noe gede tanggoenganganana soepaja oelah aja deui kariboetan, nja eta soepaja oerang Eropa djeung oerang Priboemi babarengan njangga tanggoengan paparentahan.

Rea deui omonganana Dr. Soetomo. Ieu omongan menta soepaja oerang Priboemi dibere pagawean noe gede tanggoenganana, keur kaom S. I. katjida roepana koerang ngeunahna.

Matja dina Indische Courant No. 88 dd. 28 12 '26 aja motie Partij S. I. afdeeling Soerabaja dd. 26-12-1926. Di dinja diseboetkeun jen tjaritanana Dr. Soetomo teu sapagodos djeung toedjoeanana Studieclub. Diseboetkeun, jen toedjoeanana Studieclub, noeroetkeun omonganana Dr. Soetomo, rek mere pangawoeroek ka somah soepaja noe palinter (intellectueelen) meunang pagawean noe loehoer.

Menta soepaja sakabeh lid S. I. noe djadi lid Studieclub geuwat-geuwat kaloear tina Studieclub, sarta oepama teu kaloear bakal dikaloearkeun tina pagoejoeban S. I, lantaran ngalanggar partij dicipline.

Dr Soetomo ngadjawab kana motie S. I. kieu pondokna Andjeunna djadi wawakilna sakabeh lid Studieclub. Ari lid Studieclub teh aja noe panoedjoe kana Cooperatie aja noe panoedjoe kana non Cooperatie, S. I, teu kaasoep kana pagoejoeban noe make dadasar non Cooperatie, sabab keur waktoe opat lid priboemi Gemeenteraad Soerabaja kaloear oetoesan S. I. njarita dina Volksmeeting, jen S. I. euweuh balanganana oepama oerang Priboemi boga oetoesan di Gemeenteraad, oepama lidna bangsa Priboemi direaan mah katjida Dr. Soetomo heranna diseboetkeun aja noe ngongkos, sarta dina Bataviaasch Nieuwsblad jen andjeunna hojong djadi Inspektoer kasehatan somah (Volksgezondheid).

Djisim koering moal waka njalahkeun ka S. I. atawa ka Studieclub (Dr. Soetomo). Ngan katjida manghandjakalkeun, handjakal sagede goenoeng, bet kakara bae di oerang teh rek aja babarengan digawe, hajoh gentreng deui pasea djeung pada batoer silih patjok di tengah djalan oepami ditanja doeanana, tangtoe doeanana ngarasa bener, lantaran bebeneran mah noemoetkeun sapikiran-sapikiranana.

Tjing benerna mah kadieun teuing rada beda bebeneran atawa toedjoean saeutik oge, oelah nepi ka papisahna. Da poegoeh oge oerang teh kaajaan sakieu. Sing rada sabar bae, oelah goeroeng goesoeh silih toeding djeung pada batoer, oelah ngan hajang soranganan bae noe diseboet bener teh, boa itoe oge henteu salah ngan oerang salah mahamanana.

Moega-moega ka noe Agoeng ieu perkara oelah nepi ka toetoeloejan sareng moega-moega aja noe kersa maparin katrangan noe pandjang sareng tetela koemaha doedoekna ieu perkara noe saenja-enjana, sabab bareto oge aja kabar S. I. djeung „Moehammadiah" rek misah, tapi ari boektina mah henteu.

**Soee.**

## Pangagoeag sadjati.

Dina Bintang Timoer No. 101 dd. 29-12-1926 aja karangan titelna „Soeara Rakjat dari Madoera." Kieu pondokna: Waktoe conferentie B. B. di kaboepaten Soemenep sakalian ngabagikeun bintang ka koewoe-koewoe noe dibadamikeun penting koe Resident nja eta: „Kapertjajaan rahajat, neangan tarekah soepaja ngahidjina rahajat djeung Pamarentah beuki raket."

Tina ieu perkara T. Resident menta timbangan ka sakabeh prijaji boh koe lalambe, boh koe ditoelis. Ieu perkara dina Conferentie Resident-Resident di Batawi djeung G. G. dina boelan Maart bakal dibadamikeun.

Pembantoe B. T. mere timbangan nja eta soepaja sakabeh prijaji make kasopanan dina ngadjalankeun sagala roepa pagawean, oelah aja sakawenang-wenang, prijaji ichtiar soepaja djelema leutik nambahan kaoentoenganana, prijaji komo bangsa Walanda mah oelah make ketjap „kowe," oepama aja panoehoen noe leutik, oepamana dina koempoelan desa, eta panoehoen koedoe geuwat dioendjoekkeun ka noe ti pajoen, somah noe meunang kasoesahan koedoe meunang pitoeloeng noe pantes ti Pamarentah djeung rea-rea deui.

Koering mah moal ngaloearkeun timbangan koemaha koedoena, bisi

salah mahamanana da teu dipenta timbanganana.

Ngan oepama Kangdjeng Resident Madoera moendoet timbangan, toeloej timbangan noe noelis dina Bintang Timoer, diemoetkeun sareng didjalankeun wah nja bener eta mah pangagoeng sadjati.

**Noe matja.**

## Digoel.

Pitempateun noe dibaroeang.
Minggat saroea djeung
dipoerak deungeun.

Geus moal sak deui, tangtoe ieu patempatan teh noeroetkeun kaajaanana, hidji pangboeangan noe pohara soeroepna pikeun koeminis-koeminis noe ngariboetkeun kamari ieu tea, tjeuk Ind. Courant. Demi ngaranna nelah ka waloengan Digoel, noe ngamoeara koeloneun Marauke. Ka-beh hilirna ieu waloengan teh katjida gedena djeung djerona, kentja katoehoe dihapit koe leuweung ganggong sima gonggong djeung rantja anoe ngoeploek ngaplak legana. Kadjaba ti bangsa Kaja-Kaja mah, bibit boeit di dinja, geus hamo aja noe bisa ngambahan.

Ari noe beunang dipake djalan teh, nja eta waloengan tea, anoe beunang disorang koe motorboot lalakon 250 mijl ti basisir.

Tapi pikeun noe ngamoedina bisa djeung apal oge, pohara hesena njorang ieu perdjalanan teh, koe sabab sapandjang ieu waloengan teh loba pisan noe matak ngaheseekeun madjoena toetoempakan, djaba ti noe matak njilakakeun teh.

180 mijl ti basisir, kalereun rantja-rantja tea, dina poentjak pasir rerembetan pagoenoengan Nieuw-Guinia, njempil kawas beunang njelapkeun di pileuweungan, Assike, tempat pamarentah nagara, noe baris ngahalangan bajana oerang dinja, diteukteuk beuheungna dipaling hoeloena koe bangsana keneh ti pakidoelan, noe kaseboet Kaja-Kaja tea.

Pikeun kawarasan beunang oge diseboetkeun hade ieu tempat teh, katoeroeg-toeroeg tanahna lendo.

Di dieu roepa-roepana ditempatkeunana noe baris ngadjaga pangboeangan teh, sabab djalan ka loear (ka basisir minangka djalan daratan, tapi pohara roempilna disorangna teh, katoeroeg-toeroeg djelemana teh lain pertjajaeun deui.

Bangsa-bangsa Papoea noe dareukeut ka Assike, enja oge masih keneh resep ngahakan daging manoesa, tapi teu galak saperti baheula.

Demi tjaritjingna dina imah noe laloehoer kolongna, toeroen oenggahna make kai beunang njengkedan. Saban ngampih ieu taradje teh diangkat. Ieu atoeran mimiti mah gede pisan toeloengna, tapi lila-lila taja gawena, lantaran bangsa Kaja-Kaja (djoeroe djana) noe daratang teh metakeun djamparing beunang njeuneuan, djadi kapaksa noe araja di djero imah teh, lantaran sieun koe seuneu bidjil..... baris dipeuntjit koe moesoeh. Koe lantaran eta datang ka meh toempoer bangsa noe njitjingan lebah dinja.

Sakarina noe ajeuna aja keneh taja pisan goeamna, taja kawani loba kasieun, doesoen beh ditoeeun doesoen.

Tapi beda deui ari kaajaan pangeusi leuweung kalereun ieu tempat mah lain kadjoenoenana, ieu mah meuntjit djeung moerak manoesa teh euweuh noe njisi koedi estoe minangka pagawean sapopoë. Lamoen aja noe wani wani ngalanto ka dinja, teu karana make perdjagaan noe tohagu, ah lapoer bae. Sok aja oge noe radjeun maksa, norobos rek ngala manoek tjandrawasih ka lebah dinja, kabita koe mahal hargana, tapi nja eta rereana teu balik deui, dipanggang dina doeroekan.

Noeroetkeun katerangan Pater Vertenten (hidji padri) noe geus ngadjadjah lebah dinja djeung toean Ass. Resident Van Haastert, djalma-djalma noe kapanggih di Assike, enja oge teu matak pikasieuneun tjara bangsa Marind-Amem (di sisi basisir), tetela sok ngaharakan keneh daging manoesa.

Oerang Digoel pangawakanana leutik (kate), boeoek rintit dirawaweujan koe boeloe manoek lebah poendoekna. Iroeng lalakina ditendok diasoepan koekoe manoek. Dina beuheung djeung dada raweuj kongkorong hoentoe bagong djeung hoentoe andjing.

Ari beuteung dibeulitan koe hoé beunang njebitan. Demi awewena marake „erok" pondok noe didjieun tina loeloeb (sabangsana).

Iroengna nja tjara lalaki „ditendokan."

Ari noe biasa diparoerak teh lain noe lian bae, tapi bangsana sorangan oge oepama keuna koe hoekoem pati, saperti koelantaran djinah, sanggeusna dipaehan teh nja teroes dipoerak.

Daging djalma teh djadi hidji dagangan noe biasa pisan. Hidji pingping noe meudjeuhna pajoe didjoeal „sa kampak." Lamoen boga hoentoe bagong atawa hoentoe andjing teh medah medoeh moal koerang daging, da eta doea barang teh sakitoe dipikaresepna. Pikeun noe kakara datang djol-djol katangen bae, jen di dinja teh saeutik pisan awewena. Ari ditanjakeun naon sababna, reudjeung senang pisan ngadjawabna teh: „Nam-nam" (diteda sakabehna oge noen).

Oepama tas maehan, taliti pisan rek mawa bangke teh, bisi aja noe nganjahoankeun. Anoe pangbisana moro djalma eta minangka noe pangagoengna; loehoer handapna harkat teh dioekoer koe reana daging manoesa noe geus dihakan.!

Dina pangaliwatan noe laloemakoe make sok naraheun boerang, teu beda di oerang naheun bagong atawa boeboeronan anoe lian, oepama kabeneran tataheunanana hasil, sewok beuteung majit teh ditoedel, ditjokot djeroanana. Ieu teh hidji „katoeangan" anoe lain dikieuna! Leungeun djeung soekoe diteukteukan lebah boekoena toeloej dipanggang, ari sirahna djeung boeoekna sagala pek diboeboej, lamoen kira-kira asak, beletok ditakol diarah polona.

Njatoe djalma teh estoe pangabeuki anoe pohara „njandoena," nepi ka sering poho ka batoer salemboer, atawa anak pamadjikan, „seep ditoeang."

Dina hidji mangsa aja noe rek moro manoek ka lebah dinja. Waktoe rek indit pisan, doea djalma baris toedoeh djalan permisi rek wangsoel heula, lantaran aja katjilakaan, aja boedak rarag ti imah nepi ka misanna. Isoekna noe permisi teh daratang deui, mawa bekel bekel keur di djalan ...... daging boedak tea beunang manggang sababaraha teukteuk.

Tah, sakitoe kaajaanana pitempateun leider leider kominis noe dibararoeang teh. Moega-moega djadi pieunteungeun noe ditaringgal panghalang ka noe rek noetoerkeun tapak anoe enggeus-enggeus.

## Kaanehan alam.

Samboengan.

Batoe batoe koedoe di toegaran, tjai anoe djadi moesoeh gede pisan koedoe ditahan anoe lain saeutik kaloearna, malah noe ngalantarankeun leumpangna eta goenoeng oge nja koe tjai, parandene kitoe dalah dikoemaha, nadjan sakoemaha hesena didjalankeun bae sabisa bisa. Dina oesoem halodo teu sakoemaha banggana noe digarawe bisa gantjang,


**Part: H. I. S. „Galoeh" di TJIAMIS.**

Diilari 1 Goeroe kaloearan sakola radja baris teras didamelkeun.

Serat panglamar perjogi toedjoelkeun ka: **M. G. Kartaatmadja** wd. Hoofd part. H. I. S. „Galoeh" di Tjiamis.

N. B.

Langkoeng perjogi soemping bae ka sakola baris badanten.

**M. G. K.**



# Toenangan.

M. E. Martawidjaja In. ond. H. I. S. Soemedang sareng Nji P. R. Siti Aminah Tandjoengpoera.



**Toko ROEKANTA**
**Lengkong**
**TASIKMALAJA**

Kaos lampoe kompa moerah, kiat 1. pangaos f 0,15.
Ketjap Banjoemas kentel sabotol f 0,60



**ADRES noe parantos KASOHOR**
**DAHJAN**
Toekang Mas Roemah 18
TASIKMALAJA.

Ngitjalkeun roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak. damelan pribados, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel peniti, soember, lilipen, padamelan ditanggel sae sareng enggal.

Djabi ti eta ngitjal roepi-roepi erlodji sakoe, erlodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping soepados kaoeninga.

— :o: —

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

**EEREDIPLOMA MEDALI**
**3 MAS.**



**Sajagi kareta Mesin** Merk **SIMPLEX** sareng Merk **Europa (England).**

Sajagi **Auto Banden Michelin, Goodyear, Dunlop,** harga mirah, sareng prabot AUTO roepi-roepi mirah.

Inditna AUTOBUS
ka Garoet djam 7 endjing
ka Koeningan djam 7 endjing
ka Karangnoenggal djam 7 endjing
ka Bandjar djam 7 endjing sareng djam 12 endjing.

**Inditna ti Toko Beng.**

Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) roepi-roepi Kleurna, saperti beureum ngora, hedjo ngora, boelao ngora, koneng ngora rowa keneh roepa roepana kleur, sareng kembang bodas nganggo strip Mas.

Stopflesch noe nganggo djing-djingan Winkelflesch (keler tempat koeweh) roepi-roepi, anoe saliter sareng noe saliter satengah.

Roa keneh barang noe marodel sadjaba ti eta.

**TOKO BENG**
**Tasikmalaja Tlf. No. 2.**



**KLEERMAKER**
**M. HOESEN**
KIDOEL STATION
**TASIKMALAJA**

Nampi padamelan roepi-roepi anggoan, ditanggel sae, pangaos mirah.



9

**Schoenmakerij en Kleermakerij**
**„Malah Mandar"**
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatos katoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan pora
**O. Sasmita.**

N. B.
Toedoeng Panama

| | |
|---|---|
| noedidamel tina palm | f 8,— |
| „ „ „ djakal | f 2,50 |
| strobia (pamoelaana) | f 0,25 |



# Ngalih

Dina kaping 1 Januari parantos ngalih ti Tasikmalaja ka Bandoeng (Kadjaksaän 20)

**Boekenverzendhuis**
**L. A. LEZER.**

Prijscourant 1927 parantos sajagi.



**BAROE TRIMA.**

Roepa-roepa sigaren: Sigaren Karel 1, Moortjes, Ameropa, Delftsche post. Sigaretten Abdulla, Clysma, Felucca, Maspero Kyriazi.

Roepa-roepa port, malaga etc.

Katjamata-katjamata mas, nikkel, double

**Preanger Chemicaliën Handel**
13 **TASIKMALAJA.**



# YO TEK SENG
**(Toko PIRING)**
**TASIKMALAJA.**
**Telf. 70.**

Per S. S. „UARDA" dari Hamburg (Duitschland), kita baroe trima roepa-roepa Stoples dan Winkelfles (keler tempat koewe-koewe). Sebab kita sengadja pesen Winkelfles dengen menoeroet kita poenja model, maka pembeli kapan ada jang toetoepnja petja, soesa dapet gantinja, sekarang kita sengadja pesen toetoepnja, soepaja pembeli tida menjesel barang mahal tida ada toetoepnja.

Pada toean-toean jang soeda beli Winkelfles dari kita, kapan toetoepnja petja, bisa dapet beli dari kita dengen harga f 0,75, satoe bidji.

Kita poenja Stoples dan Winkelfles, kita tanggoeng kaloearan Fabriek di Hamburg (Duitschland).



# BOEKHANDEL & UITGEVERIJ
**TJIKIRAJ SOEKABOEMI,**

Oerang Soekaboemi kapati-pati koe boekoe Eulis-Atjih, di Tjiandjoer sareng Bandoeng galaloedjroed koe loetjoena istri pengkoeh dina boekoe Kasoeat koe doerint, sa-Pasoendan henteu aja noe teu kagembang koe Agan Permas karangan Joehana tina aneh-anehna.

Boekhandel & Uitgeverij Tjikiraj Soekaboemi ajeuna parantos ngaloearkeun deui boekoe Tjarios Pegat Toendangan noe tangtos bakal diproekproek koe panjeboet loetjoe ti sepoeh-sepoeh sareng soegih koe pamoedji ti para istri

Babasan dina ieu boekoe ten kedah dipoedji deui, estoe margaloejoe ninggang dina wirahmana.

Ieu tjarios hidji kadjadian anoe ngeri pisan moeng oelah lali salempaj tadah tjisotja,

Pangaos sadjilid tamat moeng f 1,10 djabi ti ongkos ngintoen.



# Tipoeng Hoenkwe tjap Boengah
damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan **Tjitjoeroek.**
# PIKEUN SASIH SIJAM

Teu aja deui sanes roepi koeweh noe pangraos-raosna kadjabi ti koeweh-koeweh anoe didamel tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH. Koeweh noe didamel tina ieu Tipoeng aja masihan raos, seungit, adem sareng ni'mat ditoeang, sinareng tiasa masihan nafsoe kana dahar, pikeun BOBORAN SIAM.

Pikeun djalmi-djalmi noe saraoem, langkoeng sae sajagi ieu Tipoeng Hoenkwe, margina pikeun ngarot kopi atanapi thee, ieu koeweh kenging disebatkeun No. 1.

Saha-saha noe saraoem sering kirang nafsoe kana dahar, tapi oepami kersa njobi kana sapotong AGER HOENKWE atanapi PUDDING tinangtos djadi kalintang nafsoena. Seuseueurna dina BOBORAN SIJAM sok raos ngaleueut anoe tiis-tiis, nja eta saroepi ijs sareng sirop, komo bae oepami nganggo TJENDOL noe didamelna tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH, tangtos djadi kalintang raosna.

Pangaos f 0,25 sapak. Pesen paling saeutik 15 pak, dikintoen rembours.

Atoeran nganggona Gratis!

**LOTERIJ WANG BESAR**
goena protestantsche Weeshuis Semarang
di main paling laat 1 Juni 1927

| | |
|---|---|
| 1ste prijs | f 150.000 |
| 2-le „ | „ 100.000 |
| dan lain-lainnja prijs sampe | „ 400.000 |

Harga per lot f 11.— Porto f 0.35. Rembours f 0.75.
Pesen 3 lot ongkos vrij. Trekkinglijst dikirim gratis.

**Njonja TJOA TJOEN GOAN**
Halte Tjitjoeroek (Preanger)



**COIFFEUR**
**B. OETIH**
Toekang maras

Djadjawaj Tasikmalaja.

Parantos njajagikeun medja tiolet anoe anjar endah pisan, padamelan resik sareng parantos aja knecht anoe pinter. Masing emoet oelah lebar artos saeutik noe didjagi kawarasan. Roa kadjantenan anoe ditjoekoer koe noe kirang apik ngadjantenkeun tjilaka salira. Mangga saroemping.

Noe ngantos
19 **B. OETIH**

Tjaket Soos. K. M. Tasikmalaja



Toko en Drukkerij Pasoendan
Tasikmalaja.

Ngitjal saniskanten boekoe pangadjaran sakola sakola sareng aosan sepoeh anom.

Nemte medal wawatjan Angling darma f 1.75

| | |
|---|---|
| Nji Sari Kingkin | f 0.32 |
| Poetri toedjoeh balebat | f 0.60 |
| Neng Hajani | f 0.50 |
| Paririmbon sepoeh | f 0.15 |
| Biantara Democratie | f 0.12⁵ |
| Batararama 3 djilid | f 1 50 |
| Ardjoena Laras Konda | f 0.75 |
| Minjak moestika | f 1.— |
| 100 Kwitantie sakola (model paling enggal). | f 0.60 |

Djabi ongkos ngintoenkeun.

dina sapoë rata - rata taneuh noe ditoegar dipindahkeun 1000 M³ djeung koe lantaran di djero eta goenoeng loba batoe noe galede kapaksa koedoe dibidamit, sora bidamit mani kawas dina pangperangan bae rame tingdjalegoer. Ti semet oesoem halodo harita nepi ka ngidjih deui, teu sakoemaha banggana. noe digarawe bisa teroes. Barang kira-kira satengahna deui eta goenoeng lebah legok noe aja di loehoer braj bae beulah, ajeuna eta goenoeng dibagi doea koe djoengkrang anoe loehoer pisan, tina eta djoengkrang bisa ngotjorkeun tjai, noe aja toekangeun eta goenoeng, motong djalan kareta. Sigana ngadjaga eta goenoeng teh teu beunang meleng pisan, boektina keudor saeutik bae oge noe digawena goenoeng teh geus madjoe deui, nepi ka djalan kareta kasoeroengkeun, koe lantaran kanjahoan kitoe kaajaanana, noe digarawena soehoed-soehoed pisan, nepi ka beresna, ajeuna geus teu aja naon-naon ngan oekoer saoetak saeutik bae, lantaran goenoengna geus meh beak.

Ajeuna katerangan jen poelo-poelo tea bisa madjoe pamendak toean A. Wegener, anoe dina taoen 1916 disahkeun deui koe toean A. Supons kateranganana kieu: Boemi teh di loearna didjadikeun koe doea barang nja eta noe beurat djeung noe hampang, anoe beurat kajaning dasar laoet anoe djero, noe tjeuk ahli kimiah kadjadian tina „sima" nja eta pondokna tina ketjap „silicium" djeung „magnesium". Demi noe hampang, daratan, kadjadian tina barang „sial", pondokna tina „selisium" djeung „aluminium". (¹).

Sakoemaha noe geus diterangkeun dina elmoe alam, barang noe hampang teh salawasna ngambang, sarta bisa pindah tina tempatna, lamoen aja kadjadian noe ngalantarankeun, kajaning es dina tjai eta ngambang, lamoen koe oerang kaendagkeun tangtoe ojag esna. Nja kitoe deui poelo-poelo noe aja di tengah laoet, koe sabab leuwih hampang bisa kadjadian pipindahan; ari pindahna poelo-poelo noe aja di laoet, noe djerona koerang ti 200 M., madjoena noedjoe ka chatoelistiwa djeung ka koelon. Katerangan noe matak bisa madjoe, roepa-roepa kajaning: „koe paneueulna tjai laoet, koe panarikna magneet boemi, koe lantaran obahna goenoeng. koe lantaran lini laoet, koe lantaran mantjawoerana tatangkalan djeung sasatoanana noe aja di dinja, djeung rea rea deui djaba ti eta. Katerangan noe leuwih tetela njokot tjonto tanah Amerika, ieu tanah bisa djadi asalna ngahidji djeung Aprika, sabab katjiri dina bangoenna Amerika - kidoel, pasisirna noe wetan, saroea pisan djeung pasisir Aprika beulah koelon. Dina tempat-tempat noe djerona koerang tina 200 M. dina elak-eloekna, lamoen oerang make kaart anoe bener, tetela pisan saroepa, kadjaba ti eta dina pernahna tjitjing djeung sato - sato baheula noe kakoeboer di goenoeng-goenoeng noe geus reboean taoen, kabeh saroea di eta doea tempat. Dina djaoehna ti eta doea tempat, dioekoer baheula djeung ajeuna teu saroea, saperti meletek srangenge di Nederland, di Amerika mah peuting keneh, bedana ± 6 djam, lamoen eta doea tempat angger bae, tangtoe waktoena oge angger. tapi ieu mah djadi robah, nja eta bedana dina sanggeus 50 taoen, $^1/_{40}$ sekon leuwihna.

Anoe tetela piseu katjirina, tanah Groenland, nja eta tanah noe aja di deukeut pool-kaler, ieu tanah baheulana ngahidji djeung tanah Scandinavie, tapi ajeuna djadi papisah madjoe ka wetan, malah ieu mah leuwih gantjang dina sataoen, 10 nepi ka 30 M., tah noe matak toean Wegener, boga pikiran jen poelo - poelo sok pindah teh asalna mah nangenan eta.

**Aja samboenganana.**

## Debat aneh.

(baoe-baoe facisme),

Dina malem Rebo di boemina djrg. Atma Redacktoer Sipatahoenan geus aja kadjadian noe aneh. Golodog boemina aja noe njemeer koe noe seungit-seungit, boemina ditjentang koe ..... batoe. Ti noe poek tangtoe.

Waktoe djrg. Atma dipariksa koe poelisisi, andjeunna njebatkeun teu kagoengan moesoeh (persoonlijke vrijanden). Ngan noeroetkeun timbangan andjeunna bisa djadi lantaran dina Sip. aja artikel-artikel noe teu ngeunah kadengena pikeun sabagian rahajat Djrg Atma samasakali teu mais teu meuleum kana eta artikel-artikel.

Sabab noe sedjen andjeunna teu bisa njaritakeun.

Lah aheng pohara. Debat batoer mah noe djadi kateranganana het loear biasa: bangsa teuas-teuas djeung seungit-seungit. Bleg bae di Itali. Facistische strijdmethode?

## Ngalereskeun noe lepat

dina Sip. No. 27

Dina karangan Djoer. H. Proewito aja noe lepat
Tjidjoerig kedahna Tjidjoerej
tjolongan „ Golongan.
Njoehoenkeun tawakoep

**Cor.**

## Saembara prang-pring-proeng

Diboeka amplop karangan M. A. S. perkawis saembara prang-pring-proeng diiebetna aja djenengan djoeragan Moehamad Ambri Djadi noe kenging prijs ka I tina ieu saembara nja eta djoeragan Moehamad Amtri di Bandoeng Minggoe ieu prijsna dikintoenkeun.

**Bestuur Pasoenda Tasik.**

—o—

## Wartos ti Administratie.

Kamari ieu ngintoen serat ka djoeragan - djoeragan langganan Sipatahoenan noe kagoengan keneh toenggakan artos langganan. Bilih bae noe nampi eta serat parantos majar ka agen ladjeng teu atjan kawartoskeun ka Administratie, moegi oelah djadi manah,

—o—

R. Sambas en Herman. Noe ti pajoen katampi. Noehoen!

# K A B A R

(Tina s. k. Walanda)

Kaom Koeminis di Soematra koelon malem tanggal 1 Januari '27 berontak. Koewoe Siloengkang ditelasan. Rel antara Sawah - Loento djeung Solok diroeksak. Kawat telegram dikeureutan. Station Siloengkang dihantem. Doeit kasna dibawa. Sep station djeung pagawena njaringkah. Tjek Sumatra bode imah Sep station rek diroeksak koe dinamit.

Leknan klas 1. Simons keuna koe pelor koeminis maot. Kaom koeminis pirang-pirang noe maot djeung noe katangkep. Doea militer bangsa Priboemi tatoe.

Opat goeroe Priboemi sakola Goeperemen ditelasan.

—o—

Oesin, Mardjoeki djeung Oesman koeminis noe maehan oepas di Batawi moal menta appel. Noeroetkeun penes Landrat Batawi. Oesin djeung Mardjoeki meunang hoekoem pati, Oesman dihoekoem 20 taoen. Ajeuna eta 3 djalma bakal djadi saksi dina koeminis noe sedjen deui. Manehna sigana rek menta ampoen ka G. G. (gratie).

Endik hoekoem mati, Mioen diboei satoetoep oemoer sigana moal appel, ngan rek menta ampoen bae.

—o—

Oeroesan tatanen djeung sato hewan (landbouwvoorlichtingsdienst djeung veeartsenijkundige) di Pasoendan dipasrahkeun ka Provinsi Pasoendan.

—o—

Direktoer B. B. mere idin pikeun njoba-njoba melak iiwoe di tanah Pamanoekan legana 300 baoe.

—o—

R. M. Koesoemo Oetojo dipilih djadi voorzitter H. B. Boedi Oetomo. Zetel Hoofdbestuur B. O. pindah ti Semarang ka Djogja.

—o—

Tjek Locomotief bedjana sesana doeit begrooting 1926 aja 70 à 75 joeta roepia (Loemajan ngan sigana padjeg beurat teuing Corr.).

—o—

Toean W. B. Engelbrecht dibenoem djadi oetoesan nagara (gezant) di Warschau, baretona di Chili (Amerika kidoel).

—o—

Oerang Prantjis boelan Maart rek hiber ti Parijs ka New. York ngaliwat laoetan Atlantic teu eureun-eureun.

—o—

Bandjir di Medan, rea karoeksakan. Ti Medan ka Belawan meh sakabeh djalan roeksak. Ajeuna djalan-djalan keur dibadean. Kaajaan di Serdang katjida gorengna. Di Langkat tjai loehoerna 2 M. tina rel. Kareta ka Bindjei sama sakali teu bisa djalan. Langsa oge teu bisa kadjalanan tram.

—o—

Di Digoel - girang tempat koeminis koeminis noe diboeang rek diajaan station telegram teu make kawat.

—o—

Refendaris di Algemeene Secretarie Toean Ramaer bakal ngiring Kg. T. Besar ka Soematra djadi Secretaris G. G.

Kadjaba ti eta noe ngiring intendant intendant bae.

—o—

Kota Gauchucal djeung Aldana roeksak koe lini. Kota Naranjito (Amerika kidoel) meh beak koe seuneu. Roegina ± saparapat joeta pond sterling.

—o—

Sawareh soerat kabar di Amerika teu moepakat kana interventie (ngirim serdadoe) Amerika di Nicaragua. Jose Leon Suarez, professor internationaal recht njeboet ieu perkara henteu adil.

—o—

Memorandum Inggris (boekoe pangeling - ngeling) perkara Tiongkok njeboetkeun jen kontrak-kotrak noe bareto koedoe tetep, tapi Inggris oge moepakat oepama eta kontrak-kontrak dirobah noeroetkeun kaadilan.

—o—

Tjek Java Bode noe bakal djadi Direktoer G. B. nja eta T. Staargaard. Hoofdinspecteur S. S. ajeuna.

—o—

Mimiti boelan Januari noe diboeang ka Digoel girang bakal mangkat. Noe miloe tjampoer kana perkara koeminis, henteu diboeang ka Digoel bakal diboei di Noesa Kambangan. Ajeuna geus disadiakeun tempat pikeun 700 djalmaeun.

—o—

## Kabar dagang.

Pasar Soerabaja 31 - 12 - 1926.

**Kopi** sapikoel f 56,50 à f 57.—. **Kapoek** bersih sapikoel f 81,— à f 81.50. **Siki kapoek** sapikoel f 3,95 à f 4.—. **Karet** sapond f 1.01 à f 1 01⁵. **Beas** Saigon sapikoel f 7,10. Beas Siem (Bangkok) sapikoel f 8,—. Pasarna teu rame. **Soeoek** sapikoel f 16,— (euweuh noe nawarkeun). **Gaplek** (djarangking) sapikoel f 2,80 à f 3,—. **Widien** hideung sapikoel f 12,— à f 12,50. **Kopra** sapikoel f 16,25 (tapi euweuh noe daek ngadjoeal). **Diagong** sakojan f 113 à f 115. (Ind. Courant.).

—o—


**Toko KOEWE dan PAJOENG HANDEL.**
**„Preangersche Buiskwut Java"**
**Tjihideung No. 6. Tasikmalaja.**
*Membri taoe dengen hormat.*
Pada Toewan² dan Njonja-Njonja, selamanja saja ada sediakeu sampe tjoekoep boewat Toewan-Toewan dan Njonja² poenja kaperloean, di Hari Raja Lebaran dan pesta Mengawinkan dan Soenatan Persedian besar dari roepa-roepa Koewe Model saperti Eropa dan rasanja di tanggoeng sampe menjenangken, saja harep Toewan-Toewan dan Njonja-Njonja soeka perhatiken soeka dateng menjaksiken di saja poenja tempat, dan selamanja ada sedia roepa-roepa Pajoeng boewatan Tjiamis jang soeda terkenal di antero tempat.
Harga bersaingan keras, dan boewat djoeal lagi dapet oentoeng bagoes.



**Toko SOENDA**
**TASIKMALAJA.**
**Telefoon No. 56** 10
Dina ping 10 Sept: parantos nampi kintoenan 12 roepi piraksoekaneun Palmbeach anoe kabantoen koe Kapal S. S. Jan Pietersz Coen pangaos f 3,50 1 elo doea kali lebar, doepi saena teu kantos dipoedji deui langkoeng oetami ningalian koe andjeun sanaos dipoedji disae-sae oge, henteu aja goenana oepami barangna soelaja sareng pamoedji.
Topi Boni kaloearan Fabriek Dewell, noe paling sae, pangaos f 3,50 No. 54 t/m 60.



**TEGELFABRIEK**
**„N A J A"**
**Goenoengsabeulah**
T A S I K M A L A J A.
Midamel roepi-roepi tegel. pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.
Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).
24 Directeur.



**OBAT GOSOK**
**TJAP BINTANG**
**'jang paling moestadjep**
Special boewat penjakit seperti: Sala oerat. pata toelang, Kasaleo, Kasandoeng, Kapoekoel, Katimpa, Pegel, Intjok, Bengkak, Kapotong dan laen-laen
*Bisa dapet pada:*
Tan Sian Hoaij Toko TJAP KIPAS Tjihideung
agent KHOUW TIONG HOEI TASIKMALAJA.



„Bagaimana madjoenja orang Boemipoetra?"
Itoe tida lain, melainkan dengan peladjaran jang amat baik.
Het Algemeen Onderwijs Bureau di Bandoeng jang terlama berdirinja di Hindia ini, memberi peladjaran disoerat (schriftelijk) oentoek matjam-matjam examen dan pekerdjaan.
Jang diadjarkan disitoe lebih dari 30 cursussen, saperti: Bahasa Melajoe bahasa Belanda beladjar menjoerat Melajoe didalam soetar kabar.
Keterangan pandjang lebar ada di dalam prospectus jang boleh diminta dengen **gratis.**
Padjoekanlah diri Toean sendiri.
Het Algemeen Onderwijs Bureau
**Naripan 90**
**Bandoeng.**



**Dr. Tan TJOEN HAIJ**
**ARTS**
Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng tjaket tilas boemina Djr. Dr. SALEH Mahoem.
**Waktosna:**
**Endjing-endjing 7-9**
**Sonten 4-5**



**Toko Boekoe**
**WEBER**
**DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.**
**Prijscourant Anjar.**
Parantos sajagi:
Barang - barang seueur sareng marirah Prijscouran kenging dipoendoet di Toko atanapi koe kartoe pos.
Hoermatna
**H. E. Taijlor Weber.**




**Ketoe Oedeng Makerij**
**HALIM**
**West Paser straat 16 Bandoeng**

16
Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endul ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—
Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.
1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25
Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2 50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer ieu koelan.